# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–29 दिसंबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहले हवें कि संविधान हम्मन बदे मार्गदरसक हौ अउर ई गर्व की बात हौ कि अगिला बरिस छब्बीस जनौरी के भारतीय संविधान के पचहत्तर बरिस पूरा हो रहल हौ। आकाशवाणी पर मन की बात कार्यक्रम में श्री मोदी कहले कि संविधान हर कसौटी पर खरा उतरल हौ। उहां के कहलीं कि येह मौका पर कई गतिविधि सुरू भइल हौ जवन पूरा सालि चलत रही। उहां के कहलीं कि संविधान के विरासति से लोगिन के जोड़े बदे डब्ल्यू डब्ल्यू डॉट कांस्टीट्यूशन सेवेंटी फाइफ डॉट कॉम के नांव से एगो खास वेबसाइट बनावल गइल हौ।

***इसमें आप संविधान की प्रस्तावना पढ़ कर अपना वीडियो अपलोड कर सकते हैं। अलग–अलग भाषाओं में संविधान पढ़ सकते हैं। संविधान के बारे में प्रश्न भी पूछ सकते हैं। मन की बात के श्रोताओं से स्कूल में पढ़ने वाले बच्चों से कॉलेज में जाने वाली युवाओं से, मेरा आग्रह है, इस वेबसाइट पर जरूर जाकर देखें, इसका हिस्सा बने।***

श्री मोदी कहले कि अगिला बरिस तेरह जनौरी से होखे वाले महाकुंभ क तैयारी संगम के किनारे जोर सोर से चलि रहल हौ। उहां के येह बाति पर गर्व जतवलीं कि महाकुंभ क बिसेसता एकरे बिसालता के साथे एकर विविधतों हौ। ई कुंभ एकता क महाकुंभों हौ।

**अगर कम शब्दों में मुझे कहना है, तो मैं कहूंगा महाकुंभ का संदेश एक हो पूरा देश और अगर दूसरे तरीके से कहना है, तो मैं कहूंगा गंगा की अविरल धारा न बटे समाज हमारा, गंगा की अविरल धारा न बटे समाज हमारा। साथियों इस बार प्रयागराज में देश और दुनिया के श्रद्धालु डिजिटल महाकुंभ के भी साक्षी बनेंगे।**

प्रधानमंत्री कहलें कि पूरा कुंभ मेला ए आई संचालित कैमरा से लैस कइल जा रहल हौ। लोगिन के डिजिटल जरिया से खोया अउर पाया केन्द्र क सुविधो मिली।

प्रधानमंत्री येह बाति पर संतोस जतवलें कि विस्व स्वास्थ्य संगठन के रिपोर्ट के मोताबिक बरिस दुइ हजार पनरह से दुइ हजार तेइस ले भारत मे मलेरिया क मामिला अउर एहसे मउति में अस्सी फीसदी ले क कमी भइल हौ। उहां के विस्व प्रसिद्ध चिकित्सा पत्रिका लेंसेट क अध्ययन के साझा कइलें, जेकरे मोताबिक कैंसर क इलाज समय पर सुरू कइले क सम्भावना बढ़ि गइल हौ। उहां के कहलीं कि एकरे उपचार में आयुष्मान भारत योजना बड़हन भूमिका निभवले हौ, जेहसे नब्बे फीसदी रोगियन क इलाज समय पर सुरू हो सकल हौ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु नई दिल्ली में राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू से सिस्टाचार मुलाकाति कइ के उन्हें महाकुंभ क न्यौता दिहलें। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में मुख्यमंत्री कहलें कि सज्जो लोगि आस्था के अमृत काल क साक्षी बनें अउर सोसल मीडिया पर एकता क महाकुंभ हैश?टैग के साथे सेल्फियो अपलोड करें।

**********

महाकुंभ तीर्थ क्षेत्र के साफ अउर सुन्दर बनावे बदे बिहने सामूहिक स्वच्छता कार्यक्रम चलावल जाई, जेहमें प्रदेस क नगर विकास अउर ऊर्जा मंत्री ए.के.शर्मा हिस्सा लीहें। येह दौरान नागवासुकी मंदिर से दशाश्वमेध घाट ले सफाई होई, जेहमें श्री शर्मो श्रमदान करिहें।

**********

केन्द्रीय कानून मंत्री अर्जुन राम मेघवाल आजु अजोध्या पहुंचि के श्रीरामलला क दरसन–पूजन कइलें। संवाददाता लोगिन से बतियावत उहां के कहलीं कि वन नेशन वन इलेक्शन अउर वक्फ संसोधन विधेयक के संयुक्त संसदीय समिति क रिपोर्ट अइले के बाद सदन में रक्खल जाई। उहां के कहलीं कि कुछु बिल अइसन होला जवन रेग्युलर पार्लियामेंट्री स्टीयरिंग कमेटी के भेजल जाला बाकिर सदन में दुन्नो बिल बदे जेपीसी क मांगि भइल रहे।

**********

जनौरी दुइ हजार पचीस में होखे वाला गोरखपुर महोत्सव में भव्य सिल्प मेलो लागी। एहमें जमशेदपुर क ज्वैलरी, गुजरात क काशीदाकारी, मऊ अउर बनारस क साड़ी, कश्मीरी सालि, पंजाब क ऊनी कपड़ा, राजस्थानी जूता, असाम बैंबू क सजावटी समान अउर लखनऊ क चिकनकारी के सथहीं तीनि सौ स्टॉल लगावल जाई। क्षेत्रीय पर्यटन विभाग क उप निदेसक रविन्द्र कुमार मिश्र बतवलें कि चम्पादेवी पार्क में ई महोत्सव दस से बारह जनौरी ले चली बाकिर सिल्प मेला सोरह जनौरी ले चलत रही।

**********

प्रदेस के अलगि–अलगि जिला में आजु मौसम सुस्क रहल जबकि कई जिला में घना कुहेसा से जन–जीवन परभावित भइल। बनारस अउर आसपास के जिलन में घना कुहेसा के नाते गाड़ियन क रफ्तार धीमा रहल। मौसम विभाग के मोताबिक बिहनहूं प्रदेस के कई जगहिनि पर कुहेसा क असर रही। एकतिस दिसम्बर से चारि जनौरी ले कहीं–कहीं देर राति अउर भिन्नहीं हल्लुक से मध्यम कुहेसा छावल रहले क अनुमान हौ।

**********